

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #4



Pale ak pitit ou a nan lang matènèl ou (yo) epi pataje kilti ou yo ak eksperyans ou yo ak li ap ede li ranfòse aprantisaj anglè li. Sèvi ak jwèt ak aktivite amizan sa yo nan nenpòt lang pou favorize devlopman langaj yo an jeneral.



Repons Rapid

1. Tou a tou, poze kesyon sa yo:
 - Èske ou prefere li yon liv oswa gade televizyon?
 - Èske ou prefere al fè magazen oswa ale nan pak la?
 - Èske ou prefere koute mizik oswa gade yon videyo?
 - Èske ou prefere vole oswa gen gran vitès?
 - Èske ou prefere eksplòre oseyan an oswa eksplòre mòn yo?
 - Èske ou prefere jwe ak yon panda oswa jwe ak yon lyon?
2. Fè yon jwèt reponn yon kantite kesyon li kapab reponn nan 30 segonn.
3. Jwèt yo ta dwe reponn kesyon an ak yon fraz konplè.

Egzanp:

Èske ou prefere naje nan oseyan an oswa naje nan yon pisin?

Mwen prefere naje nan oseyan an.

Pwochèn fwa, kreye pwòp seri kesyon ou!



Diskisyon sou Kat

1. Kreye yon seri kat ak pwopozisyon ki anba yo.
2. Mete kat yo fas anba nan yon pil.
3. Premye jwèt a ta dwe chwazi yon kat nan pil la, li pwopozisyon an, epi chwazi yon lòt jwèt pou reponn.
4. Pousuiv jwèt la jiskaske tout kat yo fin pase.

Pwopozisyon:

- Kisa _____ ap fè semèn pwochèn?
- Nan kisa myèl ak chovsouri sanble?
- Èske moun te konn kondui machin nan ane 1800 yo?
- Èske envantè yo enspire yo de lide lòt moun yo?
- Kijan pou w fè konnen si yon fòm se yon lozanj, yon kwadrilatè oswa yon triyang?
- Èske ou prefere li sou cheval oswa sou jiraf?

Ankouraje pitit ou a reponn ak fraz konplè. Pwochèn fwa, fè yon nouvo seri kat ak pwopozisyon ki diferan!



Pale

Pale ak pitit ou a de yon moman ou menm, yon manm fanmi oswa yon zanmi te demenaje. Ede pitit ou a poze yo kesyon pou li ka aprann plis bagay sou demenajman an. Sèvi ak kesyon sa yo pou gide konvèsasyon w lan:



- Ki lè ou te demenaje soti _____ ale _____?
- Nan kisa _____ ak _____ sanble?
- Nan kisa _____ ak _____ diferan?
- Eksplike sa ki te pase _____.

Pwochèn fwa, pale sou yon vwayaj oswa sou yon demenajman nan lavni!

SPEAK@HOME

AKTIVITE EKSPRESYON ORAL AK KONPREYANSYON
ORAL (PALE AK KOUTE) | #4



Jwe Komedi

- Chwazi yon aktivite nan lis la:
 - fè espò
 - ale nan sinema oswa nan yon konsè
 - vizite yon zanmi oswa yon manm fanmi
 - ale nan yon festival
 - ale kay doktè
 - ale fè magazen
- Fè yon jwè jwe wòl la.
- Lèt jwè yo ta dwe, lè tou pa yo, devine aktivite a nan itilize fraz konplè.

Egzanp:

Kisa Sara ap fè semèn pwochèn? Li prale kay doktè semèn pwochèn.

Pwochèn fwa, pale de sa ou pral fè mwa pwochen oswa ane pwochèn!



Mwen wè

Ale deyò epi chwazi yon jwè pou ou kòmanse. Jwè sa a ap chwazi yon bagay an silans, yon bagay tout moun ka wè epi l ap bay endis ki **dekri** li. Lèt jwè yo dwe devine ki sa atik la oswa bèt la ye.

Bagay pou dekri:

Koulè fòm pozisyon teksti
Kote gwo karakteristik

Egzanp:

Mwen wè yon bagay ki gen plim sou li.

Mwen wè yon bagay ki gen kat pye.

Mwen wè yon bagay k ap viv nan yon pyebwa.




Amize w avèk Son yo

Mo yo fèt ak son. Panse ak diferan son ki fè pati mo ou konnen yo.

- Chwazi yon fòm bò kote ou.
- Di pitit ou a non fòm nan.
- Dekonpoze mo a an son.
- Mande pitit ou a pou l di w ki premye son ak ki dènye son li te tande.

Egzanp: Sa se yon lozanj. Son yo se: /l/ /o/ /z/ /a/ /n/ /j/. Premye son an se /l/. Dènye son an se /j/.



Triyaj wo nivo

- Chak jwè ap gen pou chwazi oswa desine yon bèt.
- Chak jwè yo ta dwe konpare bèt yo ak yon fraz konplè:
- Epi, jwè yo ta dwe chanje youn nan bèt yo ak yon lòt jwè epi kontinye jwèt la jiskaske tout moun fin pase.

Egzanp:

Myèl ak chovsouri sanble paske yo tou de gen zèl.

Pwochèn fwa konpare:

Peyi fwi flè
espò machin sezon

